

LYNN PUBLIC SCHOOLS

Depistaj SBIRT



Lekòl _____

Dat: _____

Chè Paran/Moun Ki Responsab,

Nou ekri w pou enfòmasyon konsènan yon pwogram anyèl (chak ane) obligatwa eta a nan lekòl nou yo ki pral ede timoun ou an fè chwa ki favorize lasante. Pwogram Depistaj, Entèkansyon Tou Kout ak Acheminman pou Trètman an (SBIRT), li konsantre sou depistaj parapò a itilizasyon alkòl, mariwana, ak lòt sibstans. Objektif nou se fè elèv yo konnen ke nou disponib pou ranfòse desizyon ki favorize lasante epi pou ede yo nan rive jwenn sipò si sa nesèsè konsènan itilizasyon sibstans.

Ane sa a, nou pral depiste elèv Grade 07 ak Grade 09 yo. Se swa yon konseye oryantasyon, yon enfimyè lekòl, yon travayè sosyal oubyen yon pwofesè sante ki pral kondui tout depistaj yo nan seyans endividyèl prive. Nou pral itilize zouti depistaj CRAFFT+N a, nou mete li an pyès jwent pou w kapab gade li.

Elèv ki pa ap itilize sibstans yo, moun ki te kondui depistaj la pral ranfòse chwa ki favorize lasante yo a. Moun ki te kondui depistaj la pral founi yon fidbak tout kout bay kèlkanswa elèv ki deklare li itilize sibstans, oswa yon elèv ki a risk pou itilize sibstans nan tan k ap vini yo. Si sa nesèsè, nou pral achemine elèv yo bay ekip konseye nou yo oubyen travayè sosyal nou an pou yon evalyasyon ki pi apwofondi. Pwogram sa a konsantre sou prevansyon domaj e yo pa p bay pinisyon nan kad pwogram sa a. Yo pa p mete rezilta depistaj yo nan dosye eskolè elèv ou a. Y ap bay chak elèv materyèl edikatif sou itilizasyon sibstans e ki gen ladan yo enfòmasyon osijè resous.

Menm jan pou kèlkanswa depistaj lekòl, ou gen dwa pou fè retire timoun ou an nan depistaj sa a. Tanpri voye demand pou fè retire l la alekri bay _____ oubyen rele pou kapab poze kesyon nan _____. An plis, depistaj la volontè e elèv yo kapab chwazi pou yo pa reponn nenpòt grenn kesyon oswa tout kesyon depistaj yo.

Yo pral fè depistaj la _____.

Nou ankouraje tout paran yo/moun ki responsab yo pou yo pale avèk timoun yo a osijè itilizasyon sibstans.

Gen enfòmasyon disponib nan biwo sante nou an, biwo konsèy la, sit wèb Lynn Public Schools la epi nan do fòmilè sa a. Ansanm, lekòl yo ak paran yo/moun ki responsab yo, yo KAPAB fè yon diferans pou jenès nou an.

Sensèman,

Direktè

LYNN PUBLIC SCHOOLS

Depistaj SBIRT



Lyen Itil

POU PARAN YO/MOUN KI RESPONSAB YO

- ❖ Screening, Brief Intervention and Referral to Treatment (SBIRT) Information: (Enfòmasyon osijè Depistaj, Entèvansyon Tou Kout ak Acheminman pou Trètman (SBIRT):)
<http://www.masbirt.org/sbirt-information/school-sbirt>
- ❖ Talking to Your Middle School-Aged Child about Alcohol Tobacco and Other Drugs-10 Step Guide for Parents: (Pale avèk Timoun Ou Yo Ki nan Laj Lekòl Mwayèn Osijè Alkòl, Tabak, ak Lòt Dwòg-Yon Gid an 10 Etap pou Paran yo:)
<http://files.hria.org/files/SA1020.pdf> (Anglè)
<http://files.hria.org/files/SA1025.pdf> (Espayòl)
- ❖ 7 Ways to Protect Your Teen from Alcohol and Other Drugs: (7 Fason pou Pwoteje Adolesan W Lan Kont Alkòl ak Lòt Dwòg:)
<http://files.hria.org/files/SA1011.pdf> (Anglè)
<http://files.hria.org/files/SA1013.pdf> (Espayòl)
- ❖ Preventing Substance Abuse Starts at Home- Safeguarding Your Children: (Prevansyon Abi Sibstans Kòmanse Lakay la-Pwoteksyon Timoun Ou Yo:)
<http://files.hria.org/files/SA1037.pdf> (Anglè)
<http://files.hria.org/files/SA1039.pdf> (Espayòl)
- ❖ Youth & Young Adult Substance Abuse Services Directory: (Repètwa Sèvis Abi Sibstans Jèn yo ak Jèn Adilt yo:)
<http://files.hria.org/files/SA3533.pdf> (Anglè)
<http://files.hria.org/files/SA3555.pdf> (Espayòl)

POU JÈN YO

- ❖ Choose to Keep Your Freedom: (Chwazi pou Kenbe Libète W:)
<http://files.hria.org/files/SA1006.pdf> (Anglè)
<http://files.hria.org/files/SA1007.pdf> (Espayòl)
 - ❖ Even If You Know About Drinking or Drugs: (Menm Si W Konnen Osijè Bwè oubyen Dwòg:)
<http://files.hria.org/files/SA1094.pdf> (Anglè)
- Tanpri enfòme lekòl la de sa si w bezwen pou yo tradui pou ou nan kèlkanswa lòt lang lan kèlkanswa enfòmasyon ki anwo la a.